









# Receipt<sup>2</sup>

APOTHEKEN

## Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

### AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**  
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.  
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**  
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.  
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—  
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-  
kas koentji sarta wadah lisah.  
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:  
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.  
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen  
tosan sarta tjét wënter.  
**PENJADÉJAN KENTJÉNG SARTA KATJITJILAKEN.**  
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-  
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:**

**„WIRJOSOESENO”**

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

### M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.  
Adres jang  
moerah  
DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226  
boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.  
Pembatja  
**SWARA TAMA,**  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

## Soemangga sami ngabarna ing SWARA-TAMA

### Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannya.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan  
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-  
ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an  
die tangoeng sampee menjenengken, harga per  
pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
**Toko DJOEN & Co.**

### TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak-anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

### ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed  
boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja  
limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pian, témbok lsp.  
Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas.  
Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni  
saged tanpa wates.

**Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, . . . . . f 0,90.**  
(mawi rékanipoen nganggé)

**Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.**

**Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.**

**Sikat Calcarium lan Sablone.**

**Sikat Inggris, petak, gèpèng.**

**VERFFABRIEK R. B. FRIELING  
GONDHOMANAN 80. DJOKJA**

### DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6 - 7.30	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan <sup>3)</sup>	6.30 - 8.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Amboina	7.30	Lawang <sup>5)</sup>	6 - 7.	Pemangkat	8.30	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30	Madioen	6 - 7.30	Poerwokerto	7.30	Soerakarta	6 - 7 - 8.30
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerworedjo	7 - 8.30	Tandjoeng Balai	7.30
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30	Pontianak	7 - 8.30	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30	Malang	6 - 7.15 - 8.30	Probolinggo	7.30	Tandjoeng Sakti	7.30
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30	Salatiga	7.30	Tara-Tara	7.30
Cheribon	7.30	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Sambas	6 - 8.30	Tegal	6.30 - 8.
Djember	7.30		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tereng	7.
Djokja:		Medari <sup>4)</sup>	7.30	Sawah Loento	7 - 8.30	Tjilatjap <sup>3)</sup>	7.30
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sedajoe	7.	Tjimah	6 - 8.
"	Jav. 6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30	Sedjiram	5.45 - 8.30	Tomohon	7 - 8 - 9.
Kota Baroe	6 - 7.30	Modjokerto	6 - 8.	Semarang:		Wates <sup>7)</sup>	7.
Djombang <sup>1)</sup>	7.30	Moentilan	5 - 6 - 8.	Gedangan	6 - 8.	Weltevreden:	
Fort de Kock	7.30	Muntok	8.	Bangkong	6.30 - 8.30	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gandjoeran <sup>2)</sup>	7.	Ngawi <sup>7)</sup>	7.30	Tjandi	7.30	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Gombong <sup>3)</sup>	7.30	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Randoesari	7 - 9.	Wonosobo <sup>8)</sup>	7.30
Keboemèn <sup>4)</sup>	7.30	Padang Pandjang	7.30	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30
Kediri	7.30	Pajakombo	7.30	Soekaboemi	6 - 7.30		
Klatèn	7.30	Palembang	7 - 9.	Heuvel	5.30		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean <sup>1)</sup>	7.30	Soerabaja:			

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 1e., 2e., 4e. Achad. 4) 1e. Achad tiao<sup>2</sup> doea boelan. 5) 2e., 4e. Achad. 6) 3e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

tjang repot datang loerah Setjang  
(djam 12 daloe 17 November). Loer-  
rah Setjang tandang, dipoenteraken  
Tionghoa Medana (Sarapadan) ing-  
kang kelerasan mbekta motor. B.  
Marto kabekta datang Kawedanan  
Pringsroerat.

Landi ngakenipoen datang Bok  
Marto, nama Johan, Kranggan, Se-  
marang. Sopir grijanipoen ing kam-  
poeng Sekajoe Semarang.

Begdja B. Marto: njawa taksih  
woelet, lan taksih nganggé soesoepé,  
mèh kémawon banda nggèndong  
njawa.

**Pèngèt:** mengangé kedah sa-  
moerwat. Sadèrèk doesoen oetawi  
soedagar katah ingkang nganggé  
benik dinar, wiwit djangga doemoe-  
gi tjinglok. Mripat bandiet kedèp  
tismak anggènipoen ngawasaken.  
Lha sapoenika malah wonten Welan-  
di mbandiet. Toedjoenipoen sopir  
boten dipoen djenkangaken, motor  
kabekta mladjeng pisan, (manawi  
megoeroe datang bioskoop).

**Rembag Balé Agoeng.**  
Kala 11 Nov. pèrepatanipoen B.O.  
P. P. K. D. Iss. moetoes boten nga-  
djengi rantjangan B. A. kados ingkang  
sampoen kaewrat ing serat<sup>2</sup> kabar.

**Dirèktoer Onderwijs.**  
Tanggal 18 lan 19 Nov. poenika  
Dirèktoer onderwijs prof. Schrieke  
wonten Ngajodja.

**Kaoem mérah pista.**  
*Mèngeti parté kominis Roeslan.*

Kala tanggal 7 wantji gagat èn-  
djing, wiwit satjelakipoen kantor  
Justitie doemoege pabrik Generaal  
Motors Tandjoeng Prijoek, ing sa-  
oeroeting margi katingal wonten  
gandéra abrit pinandjer, mawi se-  
ratan basa Mlajoe. Oegi wonten  
serat-serat sebaran sami katèmplèka-  
ken, njarijosaken bilih tanggal 7  
November '30 poenika pangèng-  
et-

èngèt madegipoen parté kominis ing  
Roeslan sampoem tigawelas taoen.  
Gandéra - gandéra karampas. Ing se-  
rat sebaran anjeboetaken oegi saked-  
ap malih badé wonten aksi nglawan  
kaom hartawan. Poelisi pados ka-  
trangan.

**Nanggoelangi madat.**  
Nagari kapareng ngedalaken arta  
kanggé ambijantoe pakempalan Anti  
Madat ing Betawi, Orde van goede  
Tempelieren ing Betawi, toewin Anti  
Madat ing Bandoeng katahipoen  
f 5000,— f 1500 toewin f 4700 kang-  
gé nanggoelangi njerèt.

**Koesir dokar kadajan malaise.**  
D. S. martosaken: Saking Peka-  
longan datang Kedoengwoeni poe-  
nika soewaoe dokaranipoen f 0,75  
sapoenika f 0,40. Kedoengwoeni —  
Bodjong, woenipoen f 0,45, sapoe-  
nika f 0,20. Mangga pinten % soe-  
danipoen? Manawi paosipoen boten  
dipoensoeda rak inggih mesakaken  
sanget, ta!

**Pamedalipoen nagari soeda  
44 joeta.**

Wiwit woelan Djanowari doe-  
moegi akiripoen Agoestoos taoen poe-  
nika, pangasilanipoen nagari wonten  
f 401.644.818. Mangka taoen kapeng-  
ker ing woelan waoe f 446.519.184.  
Dados soeda 44 mijoen roepijah.

**Konggrès P. P. I. I.**  
Bèndjing 17 Désèmber doemoege  
19 Désèmber ing Soerabaja badé  
kanggé ngadjangi konggrès P.P.I.I.  
ingkang kaping kalih.

**Arta kertas ingkang karisak.**  
Salebetipoen woelan October, arta  
kertas ingkang karisak ing Algemeene  
Kamer: damelan Nederland 480.000  
lembar à f 2,50, lan kertas njaroep-  
pijahan 880.000 lembar. Damelan  
Amérika: arta kertas njaringgitan  
40.000 lembar.

### Centraal Seminarie.

**Kanggé pandita Protestant bangsa  
Indonesia.**

Rerembaganipoen para wawakil-  
ing pasamoewan Protestant ing Be-  
tawi, amoetoes anetepaken wonteni-  
poen studiecormissie ingkang ka-  
poerih njinaoe badé ngadegaken ce-  
nraal seminarie wonten tanah Djawi  
kanggé pandita bangsa Indonesia,  
dangooning pasinaon nem taoen,  
ingkang moelang goeroe - goeroe we-  
dalam akademi.

### Woeloe wedaling siti.

Pambantoe *Bat. Nieuwsblad* ing  
Soekaboemi njarijosaken bilih teti-  
jang tani inggih sami toemoeft ngra-  
osaken pamalinderipoen pangridan.  
Klapa 1000 wonten ing peken na-  
moeng dipoenawis f 10,— dados  
namoeng sasèn satoenggal. Kapoek  
ingkang woenipoen regi f 3,50 sa-  
tengah, namoeng dipoenawis f 0,70—  
f 1,—.

### Njoeda oekoeman.

Papriksanipoen tijang ingkang me-  
djahi administatoer ing Aloergading  
Deli, t. Waller sampoem rampoeng.

Tijang tiga ingkang kapoetoos  
kaoekoem pedjah, sami njoeuwen  
pangapoenten (gratie) datang Ing-  
kang Witjaksana, sarta oekoeman-  
ipoen ladjeng kaéwahan dados ka-  
oekoem salaminipoem gesang.  
Kadjawi poenika wonten dakwa  
prakawis Waller katahipoen 33  
sasampoenipoen kapoetoos ing Land-  
raad kapatrapan paekoeman, sami  
nglampahaken panjoewoenan gratie,  
sarta kaparengaken, soedaning oe-  
komanipoen ratjak ngantos sapaalih  
kadosta:

Dakwa nomer satoenggal kapoe-  
toes 7 taoen, sasampoenipoen njoe-  
woen gratie kasoeda dados 3 taoen.  
Dakwa nomer kalih kapoetoos 12

taoen, éwah dados 4 taoen.

Dakwa nomer tiga: 7 taoen, éwah  
dados 3 taoen.

Dakwa nomer sakawan: 7 taoen,  
éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer gangsal: 8 taoen,  
éwah dados 3 1/2 taoen.

Dakwa nomer nem: 7 taoen, éwah  
dados 3 taoen.

Dakwa nomer pitoe: 7 taoen  
éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer woloe: 8 taoen,  
éwah dados 3 1/2 taoen.

Dakwa nomer sanga: 7 taoen,  
éwah dados 3 taoen.

Dakwa nomer sadasa: 6 taoen,  
éwah dados 2 1/2 taoen.

Makaten saladjengipoen [*Deli.Crt.*]

### Kopi malang soeda.

Margi pandjanging mangsa ketiga,  
kopi ing kaboedidajan-kaboedidajan  
Malang Kidoel, sapaalih boten medal,  
bokmanawi pamedalipoen badé soe-  
da 40.000 pikoel timbang mesti-  
nipoen.

### MANTJA NAGARI.

**BARITANIJAH. Pogokan poeng-  
gawa sepoer?**

Tilgram saking Londen 17 Nov.  
njarijosaken pakempalanipoen para  
poenggawa sepoer anampik poeto-  
sanipoen maskapé-maskapé sepoer  
anggènipoen nedy ngedakaken be-  
rahaning poenggawa-poenggawan-  
ipoen. Tetijang sami koewatos, ma-  
nawi golongan maskapé ngentjengi  
poetoesanipoen, bokmanawi badé  
wonten pogokan oemoem kanggé  
kaoem berah sepoer.

**INDO CHINA. G. G. Indonesia  
mèh katjilakakan.**

Kados ingkang katjarijosaken ing  
serat-serat kabar. G. G. Indija sa-

weg martamoe datang Indo China'

Kala 7 November boten let da-  
ngoe kalijan langkoengipoen extra-  
trein ingkang dipoentitih G. G.  
Indija lan G. G. Indo China, datang  
Hanoi lan Hue, ing saeroeting  
margi sepoer Annam Lèr wonten  
gègèran. Wantji tengah daloe,  
wonten tijang koeminis 600 nradjang  
padjagèn militèr ing Canloc, na-  
nging saged kaendoeraken kanti  
kétjalan kantja kalih pedjah, tiga  
tatoe.

Ing Huongson, kantja kominis  
inggih tjampoeh kalijan patroli,  
nanging saged kabibaraken.

Tijang kominis 500 madjeng da-  
teng Yenthan badé ngrebat setatsi-  
joen Chasi, sarta nawan sèp-setat-  
sijoen, sèp setatsijoen saged loear.  
Tijang kominis poenika ingkang  
pedjah 4, tatoe 4, sarta ladjeng sa-  
ged kabibaraken. Èndjing djam 9, ko-  
minis sami nggolong (wonten 1.500)  
nempoeh bètèng Phudien nanging,  
inggih saged kaendoeraken, sarta  
kétjalan kantja 30 pedjah.

### DJERMAN. Anti Sovjet.

Ing Djerman mentas wonten  
meeting anti-sovjet.

### SEPANJOL. Pogokan.

Tilgram tanggal 16 Nov. njarijos-  
aken pogokan ing Madrid saja da-  
ngoe saja katawis anggènipoen  
asipat brontak, amila nagari ladjeng  
angoendangaken oendang perang.  
Toko-toko sami katoetoe, margi-  
margi sepen, ingkang ngalèr ngi-  
doel namoeng soeldadoe djagi. Pa-  
wartos tanggal 17 njarijosaken  
toko-toko sampoem kabikak. Ing  
Barcelona oegi wonten pogokan,  
ambelani Madjrid.